

URWETE RWO KUMENYESHA

Kuri ba Nyakubahwa: Bagenduzi bajejwe gukurikirana ibijanye n'indero, Abafatanyabikorwa, Abajejwe intwaro muri Reta ya Vermont, aba hamwe n'inama njanama z'amashure

RITANZWE: N'umunyamabanga Bouchey

Invo: Ivyavuye muri poritike y'igikorwa c'abafatanyabikorwa hamwe na poritike y'akarorero bitanzwe hisunzwe itegeko rya Act 29 ryo muri 2023, Sec. 4

IGENEKEREZO RYA: November 7, 2023

Incamake

Hisunzwe ku gice ca 4 c'itegeko Act 29 ryo muri 2023, itegeko ryerekeye umutekano wamashure, Agency of Education AOE (ishirahamwe rijejwe indero), rifadikanije n'imigwi y'abafatanyabikorwa, ryarasabwe gutunganya poritike y'akarorero hamwe n'ibikorwa bijanye no gukoresha imigwi y'ubushakashatsi ku ngorane z'inyifato. Mu ndwi zitandatu zirenga muri Nyakanga na Gitugutu, iryo shirahamwe ryaratunganiye inama zitane zitandukanye zigenewe abafatanyabikorwa kugira baganire ikoresha ry'imigwi y'ubushakashatsi ku ngorane z'inyifato (BTATs) mu mashure.

Ihangiro

Muri izo nama zitane, ishira hamwe ryarunvirije abashikirije ivyiyunviro batandukanye kugira rifashe mu kuyobora ibiganiro vy'imigwi. Mubashikirije ivyiyunviro harimwo uwujewe umutekano w'amashure hamwe n'umuhinga wa BTAT, hamwe n'abafatanyabikorwa bafise ubuhinga mu ndero ya K-12, agateka ka zina muntu, hamwe no mu gutanguza no gushira mu ngiro poritike z'akarorero mu mashure.

Ihangiro ry'uwo mugwi ryari ugutera intege ikiyago kuvyerekeye ivyago hamwe n'ingorane zijanye n'ikoresha ry'imigwi y'ubushakashatsi ku ngorane z'inyifato (BTATs). Ibi biganiro vyarafashije ishira hamwe gutunganya poritike y'akarorero ikomeyeyo kuyobora inyigisho mu mashure (akarorero.(i.e. supervisory union/school district [SU/SDs] hamwe n'amashure y'igenga) mu gukoresha BTATs, mu gihe bategerezwa kuguma bari maso mu kwubahiriza itegeko hamwe no mu kubikora neza Uwo mugwi warasangiyeye ihangiro rusangi hamwe n'umwete wo kwizera neza ko abanyeshure bose, na cane cane abacinyijwe kuva kera, bunva batekanye, bahawe ikaze, kandi bubashwe mu gihe bahabwa inyigisho zabo .



Umugwi w'abafatanyabikorwa

- Ishirahamwe rijejwe indero - Ted Fisher, Lindsey Hedges, Jill Briggs Campbell, Emily Simmon
- Umuyobozi ajejwe kugwanya ikubagurwa – Dee Barbic
- Abayobozi bajejwe umutekano w'amashure i Vermont – Sunni Erikson, Rob Evans
- Umuyobozi w'inama njanama ya reta ijejwe indero– Richard Werner
- Human Rights Commission (Umuyobozi ajejwe agateka ka zina muntu)– Amanda Garces
- Abayobozi b'ibiro bijejwe uburinganire mu bijanye n'akabira– Jay Greene, Xusana Davis
- Umuyobozi w'ibiro bijejwe kuburanira abana (sentare y'abana)– Marshall Pahl
- Umuyobozi w'ishirahamwe ry'abadiregiteri bi Vermont– Jay Nichols
- Umuyobozi w'ishirahamwe ry'abayobozi i Vermont– Jeff Francis
- Abayobozi b'ishirahamwe rihuza inama njanama zi Vermont– Sue Ceglowski, Cara Zimmerman
- Umuyobozi w'ishirahamwe rihuza abarezi bi Vermont ku rwego rwa reta– Donald Tinney
- Abayobozi b'inama njanama zijejwe ukwitegekaniriza i Vermont – Jonathan Steiner, David Pickel
- Umuyobozi ajejwe gufasha mu bijanye n'amategeko i Vermont– Barb Prine
- Umuyobozi w'ishirahamwe ry'amashure y'igenga – Drew Gradinger
- Umuyobozi wa Rutland NAACP – Mia Schultz
- Umuyobozi wa Gedakina - Judy Dow
- Abarezi ba Vermont – Brooke Olsen Farrel, David Manning, Henri Sparks, Theresa Giallorenzo, Becca McCray, Kate Paxton

Incamake ya poritike y'akarorero

Iyi poritike ifise intumbero yo gutanguza ikibanza gitekanye kandi gifise umutekano co kwigiramwo ku banyeshure hamwe n'abakozi. Ishiraho umugambi w'ubushakashatsi hamwe no kungenzura inyifato zishobora guteza akaga gakomeye kw'ishure, kaminuza, canke aho dukorera. Ihangiro ni ukwizeza umutekano, ukwubahana, hamwe no gushigikira buri muntu mu bijanye n'ibishobisho.

Mu kwirinda amakuru atariyo, ubu bushakashatsi bushingiye ku nyifato y'umuntu, aho gushingira ku bimuranga. Iyi poritike irazirikana akamaro ko kwirinda amakuru atariyo hakiri kare na cane cane iyo amakuru yerekanye ko abanyeshure bacinyijwe muri kahise bahura n'ingorane z'umwimbu mubi ugereraniye n'abandi.

Iyo poritike irasigura neza ko ubushakashatsi ku bijanye n'akaga budasigura kurungika abanyeshure muri sentare mpanavyaha ahubwo bufise intumbero yo gushiraho uburyo

bwo kwizera neza ko umunyeshure ariko araronka ubufasha akeneye. Ntibuzotuma haba uguhagarikwa canke ukwirukanwa kiretse mu gihe bikenewe mu gukingira abantu kw'ishure. Inyishu ku bugizi bwa nabi yihuse canke itevye irashobora guteza ivyago mu gihe abanyeshure birukanywe, nico gituma ugushigikirwa ari nkenerwa. Mu gihe umunyeshure asabiwe kwirukanwa, ivyo bizokorwa hisunzwe amategeko.

Iyo poritike iravuga kw'ishirwaho ry'umugwi ujejwe ubushakashatsi ku bijanye n'akaga. Abagize umugwi harimwo abaturutse mu bice vy'ubuhinga butandukanye nk'abajanama mu bijanye n'inyifato, abajewe kwubahiriza amategeko, hamwe n'abayobozi b'ishure. Uwo mugwi ukora ubushakashatsi kandi ukagenzura inyifato ishobora guteza akaga ukoresheje ibimenyetso bifatika aho gushingira ku bimenyetso rusangi. Intumbero iba ari ugushiraho ikibanza gitekanye kandi gishigikira buri muntu. Uwo mugwi ntabubasha ufise bwo kwirukana umunyeshure kw'ishure. Ingingo yo kwirukana umunyeshure ifatwa n'umuyobozi mukuru canke diregiteri yisunze amategeko y'ishure. Mu gihe bisaba abajewe inyigisho zidasanzwe canke itegeko rigenga abanyeshure rya 504, uwo mugwi uhuza ibikorwa n'abajewe integuro z'inyigisho zihariye (IEP) canke umugwi wa 504.

Iyo poritike iremerera abagize umugwi kuronka amakuru y'umunyeshure nk'uko bikwiye hisunzwe amategeko agenga amakuru bwite y'umuntu. Amakuru abonetse mu gihe c'ubushakashatsi ku bijanye n'akaga ntashirwa mu makuru y'indero y'umunyeshure ahoraho. Uwo mugwi uraterwa intege zo gutohoza mu gihe ata kaga kabonetse.

Umuyobozi mukuru arategura ibikorwa vyo kwegeranya hamwe no kumenyeshya amakuru yerekeye umugambi wo gukora ubushakashatsi ku kaga. Aya makuru azoba arimwo amakuru yerekeye umugwi, igitigiri c'ubushakashatsi hamwe n'amasuzuma, amakuru y'ido n'ido y'umunyeshure, hamwe n'ivyavuye mu bushakashatsi. Ibikorwa vyo kwegeranya amakuru hamwe no kuyamenyeshya bifise intumbero yo kugumizaho ugukorera mu mucu hamwe no kwizera ubutungane muri iki gikorwa.

Amajambo y'umutwe kuri poritike y'igikorwa c'abafatanyabikorwa

Amajambo y'umutwe akurikira yaragenwe n'abafatanyabikorwa kandi araganirwako muri iyo poritike y'akarorero:

Inyigisho: ziriko ziratangwa kandi inyigisho zibereye zaravuzwe, kugira hizerwe ko abarezi bungutse ubumenyi bakeneye, atari ugushira akamenyetso ahabigenewe gusa. Hari kandi ibiganiro vyerekeye uburyo hokwizerwa ko buri muntu mu kibano c'ishure atahura iki gikorwa, atari kubari mu mugwi wa BTAT gusa.

Ugushira mu ngiro BTAT: BTAT itegerezwa kwuzuzanya, itiganye, canke ngo isubirire, ivyegeranyo bihasanzwe vy'umunyeshure kandi itegerezwa kwubahiriza ivya nkenerwa y'isunga ivyo buri munyeshure yisangije.

Kubika amakuru ya BTAT: Impungenge zarashikirijwe ko igikorwa ca BTAT kidategerezwa gutuma hegeranwa kandi hagakoreshwa amakuru y'umunyeshure ashobora gukoreshwa nabi canke gusigurwa nabi mu bundi buryo, nko muri sentare zigenewe abana, na cane cane **mu** gihe ico gikorwa kitarenze icicaró c'ubushakashatsibw'intango.

Ibanga ry'amakuru: abafatanyabikorwa bipfuye kwizera neza ko amakuru abikwa hamwe n'amakuru atangwa abikwa mu buryo bubereye kandi ko habaho uburyo bwo gukuramwo ivyegeranyo aho batasanze hateje akaga.

Kwubahiriza amategeko: Abafatanyabikorwa barashikirije impungenge z'uko abakozi b'ishure (SROs) bashobora kuba bashobora kugira ingaruka ku banyeshure baturuka mu migwi yacinyijwe muri kahise zitandukanye n'izabandi. Kwerekana igihe canke nimba SROs itegerezwa gushirwamwo vyarizweko navyo nk'uburyo bwo kugena amategeko abereye mu gihe MOUs hamwe n'inyamiramabi bashizwemwo.

Igihano co kwirukanwa: Abafatanyabikorwa barashikirije impungenge zuko BTAT izotuma haba igihano co kwirukanwa hanyuma bipfuza kwizera neza ko abanyeshure bagize uruhara muri BTAT bashobora kubandanya baronswa indero bakwiye kuronswa.

Kukirwa inama muri kazoza, Inyigisho hamwe no gushigikirwa mu bijanye n'ubuhinga

Amashure ntasabwa gutegura BTAT zayo gushika muri Mukakaro 2025. Muri ico gihe c'infatakibanza, ishira hamwe, rifadikaniye n'igisata kijejwe umutekano rusangi, rizotunganya hanyuma ritange impanuro nshasha zijanye n'uburyo bwo gukora bubereye hamwe n'inyigisho zavuzwe haruguru. Hisunzwe itegeko rya Act 29, AOE izoyobora ibi bikorwa izirikana impungenge zashikirijwe mu gihe c'inama z'abafatanyabikorwa.

Ikindi ni uko, itegeko rya Act 29 ryerekana ko BTAT muri iki gihe itegerezwa kujanisha n'igihe ibikorwa vyayo hisunzwe poritike y'akarorero yakozwe ubwanyuma yatanze n'ishirahamwe muri Kigarama. Ibi bizotuma abakoresha BTAT muri iki gihe bashobora gutuma imigwi yabo ikora neza mu mwaka w'ishure wa 2024-2025.

Ikigabane ca 4 c'itegeko rya Act 29 kirasigura inyigisho za buri mwaka kugira hizerwe neza ko abagize BTAT bahawe inyigisho mu bijanye n'uburyo bubereye bwo gukora hamwe no kumenya no kwirinda amakuru atariyo. Muri izi nyigisho harimwo:

- Amategeko agenga igihano co kwirukanwa (CVR 22-000-009)
- Ihangiro ni, ugukoresha, hamwe no gushira mu ngiro igikorwa cerekanwe kandi cagenwe
- Ikigabane ca 504 c'itegeko rya Rehabilitation Act ryo mu 1973
- Itegeko rigenga abagendana ubumuga Americans with Disabilities Act ryo mu 1990

- Ingaruka mbi zo kwirukanwa kw'ishure
- Ingaruka z'ikubagurwa ku gukura kw'ubwonko
- Inyigisho ku makuru atariyo zitangigwa mu migwi zishingira ku kwitaho ibikorwa vya BTAT ku mashure vyagenewe gukorerwako

Mu ntango z'uyu mwaka w'ishure wa (2023-2024) ishirahamwe ry'aratanguye kwegeranya amakuru mu mashure muri iki gihe rikoresheje BTAT. Ukwegeranya amakuru bizokura bigere ku twigoro two ku gwego rwa reta yose mu gihe ayandi mashure ariko aratangura gushiraho imigwi yayo. Aya makuru azotuma ishirahamwe rikora ubushakashatsi bwo kumenya iyo vyerekeza hanyuma ritange amakuru mashasha yo gutanga impanuro hamwe n'inyigisho mu gihe bikenewe.

Ishirahamwe rirashima intererano z'abafatanyabikorwa bacu beza batanze umwanya wabo hamwe n'ubuhinga mu gutunganya gushasha hamwe no mu guteza imbere iki gikorwa kidasanzwe. Ishirahamwe rirafise umwete wo kubandanya iki gikorwa mu buryo buranvye mu gihe turiko turakora kugira igikorwa ca BTAT gikwiragizwe hose muri reta.